CITY OF CAMBRIDGE | Department of Transportation

Pwojè Amelyorasyon Sekirite Central Square

Massachusetts Avenue: Soti Inman Street rive Lafayette Square

Chanjman Plan Lari yo

Vil Cambridge ap fè amelyorasyon sekirite nan Central Square, sa gen ladan tou ajoute liy bisiklèt separe yo.
Men sa pou ou atann:

Liy Bisiklèt Separe yo


Liy bisiklèt yo pral enstale sou bò twotwa a, pou separe moun k ap monte bisiklèt yo ak machin yo avèk baryè fizik.

Amelyorasyon Sekirite Sikilasyon

Nouvo mak sou lari a, pano sikilasyon, ak poto fleksib pral ede kreye yon lari ki pi an sekirite epi ki pi alèz pou tout moun.

Rediksyon Nan Espas Pakin

Pwojè a pral diminye kantite espas pou pakin nan lari a. Konsepsyon an toujou nan etap final li, men nou espere kenbe anviwon 75% nan espas aktyèl bò twotwa a pou chaje/dechaje ak pakin.



Kat Jewografik Zòn Pwojè a

Evènman Kominotè K ap Vini yo

Vin aprann sou pwojè a epi bay fidbak ou. Nou pral pataje plan preliminè yo, diskite sou kalandriye pwojè a, avantaj yo ak enpak yo.

Jedi 12 novanm 2026
Sesyon Enfòmasyon Vityèl
6:00 p.m. rive 8:00 p.m.
Webinè sou Zoom

Mèkredi 2 desanm 2026
Jounen Pòt Ouvèt An Pèsòn
5:30 p.m. rive 7:30 p.m.
Cambridge Senior Center
(Sant pou Granmoun Aje Cambridge),
806 Mass Ave

Reprezantan MBTA yo pral la nan Jounen Pòt Ouvèt An Pèsòn nan pou diskite sou amelyorasyon aksè ki planifye nan Estasyon Central Square, tankou asansè ak eskalye mekanik nèf epi modènize.

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon, detay sou reyinyon yo, epi pou enskri sou lis imèl la

awolfe@cambridgema.gov

camb.ma/centralsqSIP

Biznis yo, Nou Vle Tande Nou!

Nou Vle Konnen


- Ki sa bezwen pou pakin ak chajman w yo ye?
- Ki bezwen transpò oswa enkyetid konsènan sekirite ou genyen?

Kontakte Nou

Andreas Wolfe
Manadjè Pwojè Konsepsyon Lari
awolfe@cambridgema.gov
617 - 349 - 9162

Konsepsyon Lari Yo Pwopoze a: Soti Inman St rive Prospect St

Y ap enstale liy pou bisiklèt sou bò twotwa a, pou separe moun k ap monte bisiklèt ak machin yo avèk baryè fizik.



Konsepsyon Lari Yo Pwopoze: Soti Pearl St rive Brookline St

Y ap kenbe espas pou manje deyò yo. Y ap enstale liy pou bisiklèt sou bò twotwa a, pou separe moun k ap monte bisiklèt ak machin yo avèk baryè fizik.

